

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran dina bab saméméhna, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun patali jeung campur kode dina artikel siswa kelas XII SMA PGII 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019.

- 1) Ditilik tina wujudna, kapanggih tilu wujud campur kode dina artikel siswa nyaéta campur kode nu ngawujud kecap anu kabagi kana 72 kecap salancar anu frékwénsina 121 kali (31,3%), 123 kecap rundayan anu frékwénsina 156 kali (53,5%), 12 kecap rajékan anu frékwénsina 16 kali (8,7%), 15 kecap kantétan anu frékwénsina 19 kali (6,5%), jeung 8 kecap wancahan anu frékwénsina 38 kali (3,5%). Campur kode anu mangrupa frasa kapanggih aya 7 kecap anu frékwénsina 7 kali (2,4%), tujuh kecap éta kaasupna kana frasa éndoséntrik anu frékwénsina 7 kali (2,4%). Campur kode anu mangrupa klausa kapanggih 7 campur kode klausa bébas anu frékwénsina 18 kali (3,4%).
- 2) Ditilik tina wandana, kapanggih 2 wanda campur kode dina artikel siswa nyaéta campur kode ka jero anu kabagi kana 221 kecap campur kode anu frékwénsina 320 kali (77,5%), jeung 34 kecap campur kode ka luar anu frékwénsina 52 kali (11,9%).

Faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina artikel siswa nyaéta dirina, lingkungan di sabudeureun, jeung sikepna, sarta kabiasaan make basa Sunda. Faktor ti dirina nyaéta basa nu di kawasa ku dirina lolobana basa campuran anu persentaseuna dugi ka (80%) nyaéta basa Indonesia jeung basa Sunda, padahal asal indung jeung bapana lolobana ti tatar Sunda. Faktor lingkungan di sabudeureun ngawengku kana basa nu dipaké pikeun komunikasi jeung jalma séjén misalna kulawarga, di sakola, jeung masarakat. Salian ti faktor nu geus disebutkeun di luhur, situasi ogé mangaruhan kana lumangsungna campur kode, sabab sok ngarasa sieun salah, teu pati apal kana basa Sunda, kagok, jeung ninggali nu diajak komunikasina.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékomendasi nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan campur kode dina artikel siswa kelas XII SMA PGII 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019.

- 1) Siswa kudu loba maca téks basa Sunda boh buku nu eusina basa Sunda, boh manglé (majalah).
- 2) Nalika lumangsungna diajar ngajar, siswa kudu daék muka jeung maca kamus basa Sunda anu aya di Pabukon Sakola atawa kamus anu pribadi jeung bisa ogé tina Hp sangkan “ngaminimalisir” campur kode, nalika siswa teu apal kana kecap anu ditepikeun ku guru, siswa bisa langsung néangan.
- 3) Kudu dibiasakeun nyarita ku basa Sunda, boh jeung kulawarga, di sakola, masarakat, ogé nalika dina media sosial.